


Flanbo Verite A



**ÈSKE SA EKRI NAN BIB
MANMAN M' LAN ?**

(Gade istwa a nan paj 9)

Janvyè - Fevriye 2021 | Volim 12 Nimewo 1

Jounal sa a pa pou vann

TAB MATYÈ

Editorial	3
Lite Pou Lafwa #2 Chemen Kayen	4
Istwa Kouvèti a	9
Refleksyon an	11
Atake Pwoblèm Lan Depi Nan Rasin Li Yo	13
Seksyon Paran Apèl pou Monte Leson 10d	15
Istwa Biblik Jezi Anile Yon Antèman	16
Istwa Mati Yo Pòl, Apòt Kris la, lanne 69	20
Seksyon Jenn Chemen Li te Chwazi a Chapit 3a	24
Seksyon Timoun Volè Yon Bèf	30
Aktivite Timoun	34
Papa, M' Poko Vle	Kouvèti Dèyè

Komite

Direktè

Dale E. Heisey
Duane Nisly
Mark Yoder
Paul Schrock
Antonio Valverde
Jesús Villegas
Antonio Campos
Sanford Yoder

Editè

Duane Nisly
Pete Garber

La Antorcha de la Verdad

Apartado Postal #15
Pital de San Carlos
Costa Rica, C. A.

Flanbo Verite A, se
Publicadora La Merced, ki
sitiye nan Santa Rita de
Rio Cuarto, Costa Rica, ki
pibliye li chak de (2) mwa.

PUBLICADORA LA

MERCED se yon konpayi
k'ap pibliye liv nan yon bi
pou yo pwopaje Levanjil
la. Yo pa fè sa pou lajan.
Okontrè, yo fè sa pou yo
pwopaje bon jan doktrin
biblik dapre kwayans
Anabatis yo, epi yo fè sa
pou sila yo k'ap resevwa
literati sa yo kapab jwenn
bon konsèy pratik pou
aplike nan lavi yo.

Desen Kouvèti a :
Randall Nisly

Editorial

Chè lektè :

Lemonn antye sanble li nan mitan yon kriz annegad gouvènman yo. Genyen anpil vyolans toupatou. Manke konfyans. Chaje divizyon politik. Sanble genyen yon pakèt bagay kwochi k'ap pase nan pi wo nivo yo nan anpil gouvènman sou latè.

Mwen te asiste yon dyalòg ki t'ap fèt sou sityasyon politik la nan peyi Etazini. Gen yon moun ki t'ap opine. Li te di kondisyon peyi a sitèlman grav, se sèlman yon prezidan ki mete kanson fè sou li k'ap sove peyi a. Dyalòg sa a te santre sou yon sèl lide : Èske nouvo prezidan an ap kapab fè sa li di li pral fè ? Èske l'ap kapab avanse peyi a vre ? Pou anpil moun, solisyon an pou tout pwoblèm yo se jwenn yon bon prezidan k'ap mete tout bagay annòd.

Pi devan, lè m' te chita ap reflechi, mwen te remake nan dyalòg sa a nou te fè yon grav erè. Nou fè erè sa a chak fwa nou mete nan tèt nou tèl moun ap gen kapasite pou li rezoud tout pwoblèm de baz limanite yo. Tout moun ka bay lide, epi politisyen yo pa ezite fè tout kalite pwomès. Men, verite a rete verite a. Lòm pa posede solisyon an pou pwoblèm de baz limanite yo. Si se nan lòm nou mete espwa nou, nou deja chire.

Mwen regrèt sa pa t' vin nan tèt mwen pandan dyalòg sa t'ap fèt pou m' te fè moun yo sonje pèsonn moun pa gen solisyon pou pwoblèm yo k'ap menase lòm, ni nan peyi Etazini, ni nan lemond antye. Pa gen yon moun, ni pa gen yon pati politik k'ap geri tout bagay. Lòm aji selon lachè. Se konsa nou ye depi nou fèt. Nou wè tèt nou ase. Nou ògèye. Nou mechan. Nou anvè tout bagay pou kont nou. Tout sa se prèv se lachè ki kondwi lòm. Pa gen okenn sistèm politik, ni okenn lwa, ni okenn chanjman nan gouvènman an k'ap chanje nati lòm ki panche vè peche. Se sèlman Jezi Kris ki ofri vre chanjman an. Se sèlman Jezi Kris ki ka ofri yon repons pozitif. Devan pwoblèm yo ki anfas lòm, se sèlman Jezi Kris ki ka ofri yon solisyon etènèl.

Anmenmtan, se Bondye ki mete chèf yo nan plas yo pou gouvènmen nasyon yo, pou kenbe lapè. Bib la egzijè nou pou n' respekte yo, obeyi yo, epi pou n' priye pou yo tou. Nou pa gen devwa pou n' mele nan afè gouvènman an, ni pou n' kritike gouvènman an, se paske nou fè pati yon lòt wayòm, Wayòm Bondye a. Dèske se kwayan nou ye, espwa nou se nan Senyè Jezi li ye. N'ap tann yon nouvo syèl ak yon nouvo tè kote se Wa nou an ki pral renye pou toutan.

Dwann Nisli

LITE POU LAFWA



YON ETID SOU LIV JID LA

2

Chemen Kayen

—Duane Eby

Nan ti lèt li te ekri a, Apòt Jid avèti nou sou kijan nou riske pèdi lafwa yo te ban nou an. Li te peze sou kijan li enpòtan pou nou defann lafwa sa a. Li anseye nou sou kijan sila yo ki pa lite pou yo kanpe djanm sou doktrin, yo riske twonpe, epi yo riske pèdi lafwa. Ti lèt kout li te ekri a ki fè pati Nouvo Kontra a detaye pou nou kijan lit sa a se yon bagay serye li ye. Pou Jid te ka esplike danje a ki te anfas kwayan yo, pou li te kapab voye limyè sou fo pwofesè yo ki te deja fofile antre kò yo andedan legliz, Jid te chwazi itilize kèk egzanp ki sòti nan Ansyen Kontra a. Pou etid sa a, nou vle fokis sou Kayen, pitit gason Adan ak Ev (gade Jid 11). Ki leson apòt la vle anseye nou nan istwa Kayen an ?

N'ap viv nan yon monn kote de (2) wayòm diferan egziste. Yon bò, se wayòm syèl la. Se yon wayòm jistis li ye. Wa a se Jezi Kris. Se Li ki Wa sou tèt tout wa

yo. Yon lòt bò, se wayòm monn sa a. Se yon wayòm tenèb. Alatèt wayòm sa a se Satan. Se li ki prens sou tèt vye pisans yo.

De (2) wayòm sa yo opoze youn ak lòt. Yon batay espiyèl egziste san rete nan mitan yo. Wayòm Bondye a resevwa menas divès fason, se paske lènmi an anvi detwi nenpòt moun li kapab. Kèk nan atak sa yo sòti dirèk nan moun k'ap swiv lènmi an san kache anyen. Ladan yo genyen moun k'ap sèvi Satan, genyen divinò, genyen ate. Men, pi gwo atak yo sòti nan moun ki swadizan relijye, ki di yo konnen Bondye men ki pa fè zèv pou sipòte deklarasyon sa a. Se yon seri moun ki di yo kwè nan Bondye, men anmenmtan yo mete nan tèt yo yo kapab sèvi Bondye jan yo deside.

Jid fè nou konnen fo pwofèt yo ki fofile antre andedan legliz la se moun k'ap swiv chemen Kayen yo ye. Pou n' ka pi byen konprann « chemen Kayen, » ann gade sa Bib la di sou li nan liv Jenèz chapit 4.

Bondye te kreye Adan ak Ev, epi Li te mete yo nan Jaden Edenn lan. Tout bagay te byen bèl epi san defo jouk yo te dezobeyi lòd Bondye pou yo pa manje nan pyebwa ki fè konnen byen ak mal la. Bondye te deja avèti yo y'ap mouri depi yo dezobeyi kòmandman Li a. Tout bon vre, lanmò te antre ni sou yo ni sou lemonn antye. De (2) pitit gason Adan yo, Kayen ak Abèl, te fèt avèk yon nati ki te panche vè rebelyon ak peche. Abèl te gade mouton, epi Kayen te travay tè. Toude te nan bèl travay nòb. Se pwobab toude te resevwa enstriksyon sou sèvis Bondye, sou kijan yo dwe adore Li. Men, te gen yon gwo diferans ant Kayen ak Abèl. Abèl te dwat, epi li te genyen lafwa (Matye 23.35 ; Ebre 11.4). Kayen te mechan, epi zèv li yo te kwochi (1 Jan 3.12).

Yon bon jou, Kayen ak Abèl te pote ofrann bay Bondye. Yo chak te pote yon bagay. Abèl te pote yon mouton byen gra ki te sòti nan twoupo li t'ap okipe a. Kayen te pote kèk fwi ki sòti nan jaden l'. Bib la pa detaye pou ki rezon Bondye pa t' pran plezi nan ofrann Kayen an, men li pale klè sou kijan Kayen te resevwa nouvèl la. Li te move anpil. Li te mare figi l' byen mare. Se te lanvi ak jalouzi ki t'ap manifeste, jan sa konn fèt lè konsyans yon moun ap pike li. Èske Kayen te fache ak Bondye paske Bondye pa t' asepte ofrann lan ? Osinon, èske li te fache ak Abèl pito, poutèt Bondye te pran plezi nan Abèl epi nan ofrann li te bay la ?

Bondye te pale avèk Kayen. Avèk pasyans, Li te ofri Kayen yon dezèm chans. Kayen te fè mal se vre, men Bondye te ba li chans pou li repanti epi pou li korije mal la. Men, Kayen pa t' vle. Li te kite kòlè pote l' ale, epi li te touye frè l'. Ki leson nou kapab tire nan istwa sa a ? Ki bon bagay « chemen Kayen » an kapab montre nou ?

Dabò, se klè Kayen pa t' swiv enstriksyon Bondye te ba yo pou ofrann, menm si nou pa genyen detay sou kijan li pa t' swiv. Nou wè sa paske Bondye pa t' kontan avèk ni Kayen, ni ofrann li an. Nenpòt jan sa te ye, nou kapab di Kayen pa t' okipe kòmandman Bondye a. Petèt li te



mete nan tèt li se fason pa l' ki pi bon, epi petèt li te mete nan tèt li Bondye ap dakò avè l' kanmenm. Li te chwazi swiv pwòp chemen pa li, pase pou li chwazi swiv kòmandman Bondye a. Se pwobab li te deja konn fè menm erè sa souvan. Kounyeya, dèske Bondye te eseye korije li, li pa t' asepte koreksyon an. Akòz lògèy ak rebelyon, li pa t' imilye tèt li pou li te ka korije. Paske li te reziste devan direksyon Bondye a nan lavi li, yon premye peche te mennen li komèt pi gwo zak toujou, jouk li leve men l' pou li touye frè l' epi bay manti pou kache sa.

Kijan lavi Kayen an paralèl avèk fo pwofèt yo Jid ap pale nan lèt li te ekri a ? Nou pa konnen si Kayen te genyen yon pwoblèm ak fanmi li depi anvan evènman sa a. Li ta sanble li te fè pati fanmi an byen pwòp. Li te pote yon ofrann tankou lòt yo. Li ta sanble li t'ap chache favè Bondye. Men, li pa t' dakò swiv sa Bondye te deja anseye li ; ki vle di, li te kòmanse sèvi Bondye nan fason pa li pito. Li te anvi fè sa ki te fè sans pou li. Li te pito satisfè tèt li pase pou li eseye satisfè Bondye. Avèk ofrann li te ofri a, li pa t' aji avèk lafwa. Li te dezobeyi kòmandman Bondye. Bib la fè nou konnen yon bagay : san konfyans nan Bondye, nou pa kapab fè Bondye plezi (Ebre 11.6). Selon 1 Jan 3.12, Kayen te touye frè l' paske sa (Kayen) t'ap fè a pa t' bon. Selon Ebre 11.4, Abèl te ofri Bondye yon « **ofrann ki pi bon pase pa Kayen an.** » Sa fè nou santi Kayen te ofri yon bagay, men li pa t' ofri l' avèk lafwa. Selon Jak 2.26, konfyans pa vo anyen si l' pa mache ak sa ou fè ki byen. Konfyans ki mouri se konfyans ki pa vo anyen, lè sa a li pa lafwa

toutbon. Kayen pa t' sèlman fè yon bagay ki mal nan je Bondye, men li te refize koreksyon, e li te pèsiste nan pwòp chemen pa l'. Epitou, li te plede bay eskiz pou sa li te fè a. Li pa t' vle pran reskonsabilite pou aksyon li yo.

Bib la avèti nou, nan dènnye jou yo moun ki pa swiv Bondye yo va sanble avèk Kayen. Men sa Apòt Pòl di nou nan 2 Timote 3.2-5 : « *Moun pral fè rayisab, y'ap renmen lajan, y'ap fè grandizè, lògèy ap vire tèt yo, y'ap pale Bondye mal, y'ap dezobeyi papa ak manman yo, y'ap engra, y'ap san okenn respè pou bagay Bondye. ³Kè yo ap di, y'ap san pitye, y'ap pale moun mal, y'ap fè gwo kòlè, y'ap brital. Yo p'ap vle wè sa ki byen menm. ⁴Y'a mòde an trèt, y'a fè kòlè fasil, lògèy va gonfle lestonmak yo. Y'ap pito plezi pase sèvis Bondye. ⁵Y'ap fè tankou y'ap sèvi Bondye. Men, yo pa kwè nan pouvwa Bondye a tout bon vre. Pa mele ak moun konsa menm. » Jid pale sou kijan nou ka jwenn moun legliz ki tankou Kayen tou.*

Legliz jodi a oblije deside kijan y'ap jere moun ki pa vle asepte Pawòl Bondye a kòm otorite, kòm chèf lavi yo. Genyen anpil moun ki kwè Bib la genyen verite Bondye ladann, men yo pa dakò asepte Pawòl Li kòm otorite final la. Yo gen odas antre nan negosyasyon ak Bondye. Yo plede avèk Pawòl Li a. Yo chache pwòp chemen pa yo pou yo sèvi Bondye, epi yo kwè gras Bondye a kouvri tout dezobeyisans.

Genyen lòt ankò ki konprann relasyon yo genyen ak Bondye se bagay prive nèt li ye. Pèsonn pa bezwen konnen anyen nan sa. Depi yon frè parèt pou li eseye ede yo fè pwogrè sou tèt pwen, yo deja fache. Yo vle viv jan yo vle viv, epi piga moun rale zòrèy yo. Dapre yo, chak moun deside pou kont li kijan li dwe viv lavi li devan Kris. Anvan lontan, legliz la kontamine ak tout kalite peche, epi prensip lemonn anvayi l'. Lide de (2) wayòm yo tou elimine. Lènmi an pwofite sa pou li avanse pwòp plan pa li anndan legliz la. Ti pa ti pa, legliz la mache an vè apostazi. L'ap pèdi lavi espirituelman. Se konnen yo pa konnen : « *lè nou zanmi lemonn, se lènmi Bondye nou ye !* » (Jak 4.4).

Jodi a, menm jan avèk epòk kote Jid t'ap viv la, li enpòtan pou nou konprann ki danje ki mache avèk fo pwofesè yo. Jid fè nou konnen kalite moun sa yo fofile antre nan legliz san moun pa menm konnen. Moun sa yo genyen gwo enfliyans, epi si legliz la pa rekonèt yo, y'a gentan kondwi legliz la nan twou. Se poutèt sa, li enpòtan pou nou sezi avètisman an byen. Se pou nou lite pou n' defann vè doktrin ak vè pratik yo Bib la anseye nou.

Men, kijan nou kapab pi byen lite pou n' defann lafwa tout bon an kont pakèt menas yo ki anfas nou ? Ann gade plizyè bagay ki ka ede nou nan sa.

Dabò, fòk nou byen klè nan fon kè nou se yon sèl Bondye ki Bondye, ki vivan, ki etènèl, ki prezan, epi ki ban nou Pawòl Li kòm deklarasyon final ki depase tout lòt. Nou dwe kwè Pawòl Bondye pa gen defo lakay li, epi Pawòl Bondye detaye volonte Bondye pou lavi nou. Nou dwe kwè Bondye egzijje obeyisans anvè kòmandman Li ki nan Pawòl Li, epi nou pa kapab fè deba avè L' sou sa Li anseye. Nou dwe konprann se NOU ki pou akòde nou avèk sa Pawòl la mande, se pa Pawòl la ki dwe akòde avèk nou. Fòk nou dakò nou pa kapab viv selon fantezi, ni selon pwòp refleksyon pa nou yo.

Donk, nou dwe kwè legliz la se kò Kris la li ye, epi se volonte Bondye pou nou chak patisipe nan yon asanble lokal, nan yon gwoup kwayan kote chak grenn moun ap chache swiv chemen Bondye trase devan li a. Nou reskonsab youn lòt, epi nou gen devwa pou nou youn edifye lòt. Nou anba egzijans pou n' obeyi Pawòl Bondye a. Depi yon manm pèsiste nan peche epi li pa repanti, li deyò fratènite a. Se paske legliz la se kò Jezi li ye, epi fòk legliz la rete pwòp, apa pou Bondye.

Pou fini, chak moun k'ap swiv Kris dwe viv anba gras Jezi epi anba pisans Jezi. Chak kwayan dwe ranpli avèk gras Li epi avèk Sentespri a. Depi frè ak sè yo viv annakò avèk pisans Kris la, depi yo genyen vikwa sou peche, lemonn ansanm ak tout fo pwofèt yo p'ap ka jwenn okenn kote pou yo kanpe pou yo pale Levanjil la mal. Depi ak frè sè yo k'ap swiv Kris ap mennen yon vi ki pwòp epi ki sen, depi fanmi yo genyen amoni avèk lapè, se yon vre temwanyaj ki montre pisans Bondye a. Sa demontre kijan Bòn Nouvèl la efikas. Toutotan gen renmen nan mitan frè ak sè yo, lemonn ap pran nòt sou sa. Se temwanyaj sa a ki pi gwo defans lan pou lafwa tout bon an.

Tankou moun k'ap swiv Kris, li enpòtan pou nou egzaminen lavi nou pou n' wè si genyen kèk ti tras ki sanble avèk Kayen ki prezan nan atitid nou yo. Èske genyen prèv ki montre « chemen Kayen » an enfekte nou ? Bon jan evalyasyon pèsònèl se yon lòt fason pou nou defann lafwa nou. Fòk nou toujou veyatif pou atitid Kayen an pa fofile antre anndan legliz la. Nou reskonsab youn lòt. Si lòt yo remake kèk feblès ki prezan lakay nou, nou dwe di yo mèsè dèske y'ap ede nou espiritiyèlman. Konsa tou, si nou remake kèk feblès ki prezan lakay lòt yo, nou reskonsab pou n' sèvi kòm zouti nan men Bondye pou n' ede yo wè limyè a. Fòk nou se zouti ki toujou mennen gras, ki toujou mennen rekonsilyasyon.



ÈSKE SA EKRI NAN BIB MANMAN M' LAN ?

Mesye Moreno te oblije rete kouche sou kabann lopital la depi jou aksidan an. Li te yon nèg ki te toujou kanpe djanm, ki pa t' janm konn malad. Elas, se yon aksidan ki te mete l' sou do l' konsa. Li te pitit gason yon dam ki te viv selon Bondye. Dam lan te priye pou nanm mesye chak jou. Jouk jou li te mouri a, dam lan t'ap priye Bondye pou mesye konvèti.

Kounyeya yon moun vin kanpe devan pòt chanm lan. Li frape pòt la. Vizaj li te chaje dousè ak konpasyon. Li di : « Tanpri, eskize m'. Èske mwen mèt antre ? »

Mesye Moreno te chimè : « Wete kò ou la ! Fè m' pa wè ou ! M' konnen ki moun ou ye ! M' pa vle tande yon mo ki sòti nan bouch ou, tande ? Ou pral pale m' sou nanm mwen, enben, m' pa genyen. Se chen m' ye. »

Vizitè a se te yon ansyen zanmi manman Moreno. Lè l' te tande pawòl sa yo, li te santi li nan lapenn. Li te deside vire ale. Nan moman sa a, se sa pou l' ta fè vre.

Men nan demen, vizitè a te retounen. Malerezman, Moreno te sòti grif li ankò.

Sou twazyèm jou a, vizitè a te parèt ankò nan papòt la. Yon lòt fwa ankò li te mande pèmasyon pou li te antre. Kounyeya, avèk retisans, Mesye Moreno te dakò. Malgre sa, li te pale rèd toujou : « Antre non. Chita. »

Vizitè a te di konsa : « Èske mwen kapab li yon ti bagay pou ou ? »

Moreno te bougonnen. Kòm vizitè a pa t' ka konprann sa li di, li te plonje fè lekti a. Se te nan Bib la li t'ap li. Se te istwa pitit gason ki te pèdi a. Lè vizitè a te fin pase sou istwa a, Mesye Moreno te vin chita pi dwat sou kabann lan. Li te di : « Istwa sa a, se nan liv sa a ou jwenn li ? Nan Bib la ? »

« Men wi ! »

Moreno te pale fò : « Al pran Bib manman m' lan pou mwen. M' bezwen wè si istwa sa a nan Bib la vre ? »

Vizitè a te montre l' Lik chapit 15 nan Bib manman l' lan. Li te li istwa a yon dezyèm fwa avèk bon seryozite epi bon espresyon. Se nan Bib manman Moreno li t'ap fè lekti a kounyeya.

Pandan li t'ap fè lekti a, vizitè a te remake yon bagay li pa t' prevwa. Dlo t'ap sòti nan je Mesye Moreno pandan li t'ap koute istwa a.

Moreno te di : « Mwen se pitit gason ki te pèdi a ! Sa se mwen. Mwen pa t' yon

ÈSKE SA EKRI NAN BIB MANMAN M' LAN ?

bon pitit ditou. Mwen se yon nonm ki mechan. Men, m'ap retounen bò kote Papa m' ki nan syèl la paske, byen petèt, Li va resevwa mwen menm jan avèk papa sa a ki te resevwa pitit gason pa l' la. »



Vizitè a te di konsa : « O ! Li pral resevwa ou vre. Mwen asire ou. »

Mesye Moreno te vin deside konfyè kè l' ak tout lavi li nan men Bondye. Konsa, tout lapriyè sa yo manman l' te fè pou li te jwenn akonplisman jou sa a.

« Mwen pa wont anonse bon nouvèl la : se pouvwa Bondye ki la pou delivre tout moun ki kwè, jwif yo an premye, apre yo moun lòt nasyon yo tou » (Women 1.16).

Se yon tèks nou te chwazi.
Li sòti nan : *The Gospel for the Youth*,
Volim 47, Nimewo 45



Aktivite Timoun REPONS

M		A	N		M			A	N
---	--	---	---	--	---	--	--	---	---

K	A		N	M	A		R	A	D
---	---	--	---	---	---	--	---	---	---

M		A	C	H		A		N	N
---	--	---	---	---	--	---	--	---	---

	R	E		P	A	N		T	I
--	---	---	--	---	---	---	--	---	---

P		W	O		B	L		È	M
---	--	---	---	--	---	---	--	---	---

P	R	I				Z		O	N
---	---	---	--	--	--	---	--	---	---

B			O	N		B		O	N
---	--	--	---	---	--	---	--	---	---

P	I		N	I		S	Y	O	N
---	---	--	---	---	--	---	---	---	---

Refleksyon an

Chè Lektè,

*Premye edisyon ti jounal sa a te fèt nan lang espanyòl. Tit la se te La Antorcha de la Verdad. Anglè a se : The Torch of Truth. An kreyòl Ayisyen se : Flanbo Verite a. Se te nan lanne 1987 premye edisyon an te sòti. Avan yè, mwen t'ap fè yon ti gade nan premye edisyon sa a. Genyen yon bagay ki te parèt nan editoryal la ki te frape m' fò. Tit tèks la se te : « Ki Kote Limyè a Ye ? » Ta sanble te genyen anpil fènwa ki te prezan nan lemond nan ansyen jou sa yo tou. Si alepòk yo te manke limyè, kòman sa ye pou nou menm jodi a ? Èske nou pa pi mal ? Men kijan Apòt Pòl te avèti Timote : « **Men, mechan k'ap fè bagay pou twonpe moun yo pral pi lwen toujou nan mechanste yo, yo toujou ap twonpe moun, y'ap kite moun twonpe pwòp tèt yo tou** » (2 Timote 1.13). Nou ta toujou renmen mete nan tèt nou se bon bagay yo ap vin pi bon. Men, mechanste ap vin pi plis. Limyè ap diminye. Nou menm kreyen yo, fòk nou se « **limyè sou latè** » (Matye 5.14). Mwen envite ou gade tèks sa a ki te ekri trant (30) ane pase. Konpare l' avèk kondisyon lemond aktyèlman la a.*

Dwann Nisli

Ki Kote Limyè a Ye ?

Nan lemond jodi a, solèy la gentan kouche !
Mechanste kouvri nou tankou yon dra fènwa. Byen petèt, nan tout istwa lòm sou latè, epòk pa nou an san parèy. Vyolans ak lagè detwi lapè, epi yo rann moun pè. Alkòl, dwòg, ak sigarèt touye moun plis toujou pase lagè. Imoralite rive nan yon nivo enkwayab. SIDA kòmanse sanble yon epidemi. Divòs ap fè moun pèdi kouraj : ni gason, ni fanm, ni timoun. Twoub ekonomik kreye yon sityasyon kote moun egoyis ap goumen ak moun ki gen lanvi. Relijyon mele tou. Li chaje ti klan. Li chaje konpetisyon. Li chaje eskandal. Se doktrin lòm kreye yo ki pran devan.

Nan fênwa sa yo, moun ap tatonnen. Yo bezwen limyè. Nan chache y'ap chache, yo gentan mete konfyans yo nan politik, men politik jete yo atè. Yo gentan mete konfyans yo nan edikasyon, men enstitisyon yo pa montre moun kòman pou yo viv. Yo gentan konfyè plezi, men sa pa ka satisfè yo. Relijyon fè yo pèdi espwa. Richès rann yo vid andedan. Toupatou genyen konfizyon, ak laperèz. Se kòm si yon ti gout dlo ankò ap ranvèse vaz la. Se lannwit. Solèy la gentan kouche.

Men, nou pote yon nouvel ki bon ! Genyen limyè ! Genyen solisyon !

Jezi te di : « *Se Mwen menm ki limyè k'ap klere tout moun ki sou latè. Moun ki swiv Mwen va gen limyè ki bay lavi a. Yo p'ap janm mache nan fênwa* » (Jan 8.12).

Jezi Kris te vini sou tè sa a tankou yon flanbo verite. Verite a se Pawòl Li. Se sa ki gide nou jouk nou rive jwenn solisyon pou nenpòt pwoblèm nou genyen.

Men sa ki ekri nan Sòm 119.105 : « *Pawòl Ou se yon chandèl ki fè m' wè kote m'ap mete pye m', se yon limyè k'ap klere chemen mwen.* » Vèsè 130 di konsa : « *Eksplikasyon nou jwenn nan pawòl Ou klere lespri nou. Yo louvri lespri moun ki san konprann yo pou yo konprann.* »

Men sa Apòt Pyè te ekri yon lè : « *...Nou menm tou nou byen fèt lè nou pran pawòl sa yo ak gwo konsiderasyon, tankou yon lanp k'ap klere nan fênwa a jouk jou a va pwente, jouk zetwal ki klere chak maten an va leve nan kè nou* » (2 Pyè 1.19). Jezi se « zetwal ki klere chak maten an. » Depi Li viv nan kè nou, gen limyè tout bon. Se konsa nou kapab mache nan monn sa a avèk konfyans, avèk trankilite, avèk espwa. Se konsa pisans tenèb yo p'ap kapab domine sou nou, se paske Limyè a pi fò pase tenèb la. « *Limyè a klere nan fênwa a. Men, fênwa a pa t' resevwa Li* » (Jan 1.5).

Jezi kite sèvitè li yo avèk yon tach pou yo leve flanbo verite a (Pawòl Bondye a), pou yo goumen ak kouraj kont pisans tenèb yo ki rann moun esklav. Pou n' fè travay pa nou an, nou prezante ti jounal sa a devan ou. Sa nou ta renmen se pou Bondye itilize ti piblikasyon sa a kòm yon flanbo nan mitan yon monn ki plen fênwa. Nou ta byen renmen pou limyè Bòn Nouvel Jezi Kris la repouse fênwa tout kote jounal sa a rive. Nou vle *Flanbo Verite A* sèvi kòm yon ankourajman pou sila yo k'ap lite kont mechanste, pou li sèvi kòm yon sous bon doktrin pami kwayan yo, pou li klere sila yo k'ap tatonnen nan fênwa toujou, epi pou li glorifye Bondye, « *Bondye ki kreye tout limyè* » (Jak 1.17).

—Phil Yoder



Atake Pwoblèm Lan Depi Nan Rasin Li Yo

Pa twò lontan, mwen t'ap li nan yon jounal. Yo t'ap pale sou yon gwoup senatè ak lòt chèf ankò ki te fè yon rankont nan Akennsa, Etazini. Yo te reyini yon gwoup elèv lekòl ansanm ak divès direktè lekòl pou yo adrese yon pwoblèm serye. Yo t'ap pale sou gwosès pami jenn timoun lekòl. Anpil kote, yo renmen distribiyè prezèvatif bay jenn timoun lekòl pou ede yo pwoteje tèt yo. Men, nan rankont yo t'ap pale nan jounal la, jenn yo pa t' gade sa kòm yon solisyon pou pwoblèm lan. Olye sa, yo te di pwoblèm lan se yon mank enfòmasyon nan lekòl yo. Lekòl yo te dwe edike elèv yo plis sou seksyalite.

Nan jounal la, mwen te wè yon sitasyon ki te enterese m'. Se te youn pami jenn yo ki te deklare : « Nan zòn lakay mwen an, nou bezwen plis distraksyon, plis aktivite lwazi pou jenn yo. »

Sa te pouse m' reflechi. Si jennonm sa a se te pitit pa m' li te ye, mwen t'ap bourike l' avèk yon pakèt travay. Chak jou li t'ap chaje okipasyon. Lè sa a, nan fen jounen an, li t'ap chache kabann li pou li dòmi. Li pa t'ap rete okenn kouraj ankò pou li anvi mache.

Nan jounal la, yo te diskite kòz yo ki dèyè pwoblèm lan, epi yo te eseye chache solisyon. Men, yo pa t' janm atake rasin pwoblèm lan. Men yon egzanp : Yo pa t' menm pale sou pònografi. Li ta sanble senatè sa yo avèk direktè lekòl sa yo pa t' konprann yon jenn moun ki benyen nan pònografi se yon jenn moun ki pa ekilibre moralman.

Ni yo pa t' pale sou kijan jenn yo renmen abiye mal. Sa se yon fè reyèl : rad ki atire je moun epi konpòtman fi sa yo ki renmen « bay cho » avèk kò yo rann pwoblèm kadejak la pi grav toujou. Konbyen jenn fi ki te kapab evite menas osinon vyolans seksyèl si yo te annik abiye yo pi byen ? Sa n'ap di la pa retire okenn chaj sou do kadejakè a. Peche a sou kont li. Anmenmtan, yon fi ki chwazi jwe ak dife, ki chwazi ekspoze kò li devan moun, fòk li asepte tò pa li tou.

Ta sanble nan rankont lan yo pa t' pale sou yon seri relasyon ant gason ak fi kote jenn yo twò pwòch youn ak lòt. Relasyon sa yo fasil mennen jenn yo nan karese. Mwen sonje byen alepòk lè yo te apenn ajoute edikasyon seksyèl nan kourikoulòm lekòl Etazini yo. Anpil moun te deklare sa pral rezoud pwoblèm inyorans lan. Yo te kanpe pou di pral genyen mwens ka maladi ki transmèt

seksyèlman. Yo te di pral genyen mwens pwoblèm ak jenn moun ki ansent anvan lè. Anpil ane gentan pase depi gwo chanjman sa a te fèt nan edikasyon ti Ameriken yo. Men, pwoblèm yo ap grandi toujou, epi se avèk yon vitès ki ka fè tèt ou vire. Sa ki pi mal la, genyen moun jounen jodi a ki renmen kanpe pou di se plis edikasyon toujou nan lekòl yo k'ap rezoud pwoblèm lan.¹

Nan rankont sa a, yo pa t' pale sou domaj ki vini apati teyori evolisyon an y'ap plede anseye nan lekòl yo. Jounen jodi a, nan lekòl Etazini yo, pwofesè yo ap fè timoun yo konprann yo se bèt ki avanse anpil, e yo pa plis pase sa. Dapre yo, istwa kreyasyon an nan liv Jenèz la se yon manti li ye, yon manti pèp Jwif la ban nou. Nan ka sa a, èske nou dwe sezi lè jenn yo konpòte yo yon fason ki ta fè yon bèt wont ?

Se nòmal yo pa t' touche pwèn disiplin nan rankont sa a. Timoun yo manke disiplin jodi a. Moun yo konsidere pinisyon kòporèl kòm yon mal depi kèk jou, epi kounyeya yo entèdi bagay konsa menm. Yon doktè ki te rele *Spock* te deklare depi ou kale yon timoun, se yon tò ou fè li. Ou deranje sante mantal timoun lan.

Alafen, m'ap note yon bagay ki pa dwe nan dènye plas la paske se pa li ki pi piti. Men, nan rankont yo te fè sou seksyalite a, yo pa t' pale sou kòmandman Bondye yo, sou lalwa Li te etabli yo pou regle kèsyon sa yo. Si majorite lekòl yo inyore sa Bib la di, si pi gwo chèf yo rete bouch pe sou sa Bib la di, ki kote sa pral mennen nou ?

Mwen poko menm site gwo enfliyans ki sòti nan mizik, nan televizyon, epi nan dwòg. Yo tout kontribye. Lemonn anfas gwo pwoblèm lou. Sosyete a ap dejenere rapidman. Y'ap kontinye dejenere toujou toutotan nou plede gade yon seri vye sous kòm si n'ap jwenn solisyon ladan yo. Si sosyete a pa gen ase entegrite moral pou li atake vre rasin pwoblèm yo, nou kondane pou n' detwi tèt nou.

Otè enkonni

1. Anpil moun pa konsyan, men seksyalite se bagay moun dwe aprann depi lakay yo. Se devwa chak paran pou enfòmè timoun yo nan lè ki kòrèk la. Malerezman, anpil paran pa fè l'.

Pa twò lontan yon gwo jounal nan peyi Kostarika te konfese se pa pwofesè lekòl ki ta dwe ap enfòmè jenn yo sou afè sèks. Anmenmnan, yo te konsyan paran yo kontinye wè sijè a kòm yon bagay yo mal pou pale jouk yo refize pran responsabilite pa yo pou fòmè timoun yo annegad seksyalite. Poutèt sa, pwofesè yo twouve li nesèsè pou yo asepte tach la.

Sonje byen, lemond pa genyen okenn solisyon pou pwoblèm sa yo. Yo p'ap janm genyen solisyon nonplis.



SEKSYON PARAN



KONPRANN RESKONSABILITE MWEN YO

Devlope Kè Yon Sèvitè

Leson 10d

*Se menm jan an tou pou nou, lè nou fin fè tou sa yo te mande nou fè, se pou n' di :
Se domestik nou ye, nou fè sa n' te dwe fè. Lik 17.10.*

OBSÈVASYON #7 : Lè nou rann sèvis, li te mèt pi bèl oubyen li te mèt pi bon pase sa lòt moun ap fè, li pa mete Bondye nan dèt anvè nou.

Youn nan pyèj yo ki genyen nan rann sèvis byen se fason li kapab fè nou anvi fè gran kòk devan legliz la. Nou ka remake nou fè plis pase Frè Entèl, e nou ka remake
(kontinye nan paj 18)

ISTWA BIBLIK

JEZI ANILE YON ANTÈMAN

Pitit Gason yon Vèv Resisite nan Lanmò

A la yon chalè li te fè jou sa a nan peyi Jide ! Jezi ak disip Li yo te deja mache plis pase trant kilomèt. Fatige, disip yo te mande ki distans yo t'ap kontinye vwayaje sou wout difisil sa a.

Disip yo pa t' kapab konnen yo tapral asiste youn nan pi gwo evènman nan istwa. Men Jezi te konnen. Li te konnen yo te bezwen Li nan vil Nayen.

Pandan Jezi ak disip Li yo t'ap kontinye avanse dousman, anpil moun te vin jwenn yo. Fanm te kite travay lakay yo. Gason te mete zouti yo sou kote. Kèk moun te pote zanmi yo ki malad pou yo te kapab geri. Timoun kirye t'ap rantre sòti nan foul ki t'ap grandi a. Moun sa yo te vin dèyè Jezi akòz bonte ak amou Li.

Finalman Jezi ak disip Li yo te pwoche bò vil Nayen an. Pandan yo rive nan pòtay vil la, yo te rankontre pwosesyon yon antèman. Nan tèt pwosesyon an te gen kat gason ki t'ap pote sèkèy la. Apre yo, te gen yon fanm ki t'ap kriye ak yon foul moun ki te gen dlo nan je vin dèyè.


Lè Jezi te wè fanm lan, kè Li te fè Li mal pou li. Se te yon vèv ki te pèdi sèl pitit gason li. « Pa kriye, » Li te di ak tandrès. Epi Jezi te pran devan epi te touche sèkèy la. Moun yo ki t'ap pote sèkèy la te kanpe ap gade fiks. Kiyès etranje sa a ? Kisa Li panse Li ap fè la a ?

Jezi te gade mò a nan figi epi te kòmande : « Jenn gason, M'ap di ou sa : Leve ! » Menm kote a ti gason an te louvri je li, leve chita epi kòmanse pale. Asistan yo te fè bak, tèlman yo te sezi. Souf kèk moun te manke koupe. Men Jezi te ede jenn gason an kanpe tou dousman epi te mennen li bay manman li.

Ak yon sèl vwa pèp la ak fanm lan te fè lwanj pou Senyè a. Yo te rele : « Yon pwofèt pisan parèt nan mitan nou ! Nou te wè men Bondye ap travay jodi a ! »

Bri mirak sa a te gaye byen vit nan tout peyi Jide ak lòt peyi ki nan vwazinay la. Chak jou plis moun te tande pale sou Jezi ak pisans mèveye Li.

Lik 7.11–17



Yon vèw renmèsye Bondye pou pitit gason li ki resisite nan lanmò.

Li ka fè nou lapenn, men L'ap gen pitye pou nou paske Li renmen nou anpil.
(Lamantasyon 3.32)

1. Nan ki vil Jezi te rankontre pwosesyon antèman an ?
2. Poukisa Jezi te gen konpasyon pou vèw la ?
3. Kisa ki te rive lè Jezi te touche sèkèy la ?

Itilize avèk pèmisyon :
Christian Aid Ministries, Berlin, Ohio
Atik sa a sòti nan : *101 Pi Bèl Istwa Nan Bib La* © 1994

nou fè pi byen pase tout lòt moun nou konnen, e nou ka remake anplis ke nou gentan fè sa pi lontan pase tout lòt moun, lèfini nou ka remake moun pa apresye sa nou fè a jan yo ta dwe apresye l'.

Lè sa a, nou tou pare pou montre moun yo de (2) fwa de (2) konbyen li fè. Men pandan n'ap gonfle lestonmak nou konsa, pito nou chita nan pye Jezi pou aprann kèk bon leson sou lavi disip la. Lè disip la gentan fè tout bagay li kapab diran tout lavi li nan pi bon fason ki posib—lè li gentan fè tout sa e menm plis pase sa—nou kapab toujou di li pa fè anyen plis pase ranpli devwa li tou senpleman. Sèvis li te fè a pa fè li jwenn plas nan syèl la ; se sèlman Jezi ki kapab fè sa. Sèvis li rann lan pa fè Bondye oblije fè anyen pou li ; Bondye aji anvè nou selon pwòp mizèrikòd Li e sou merit Pitit Li, Jezi.

Èske sa vle di sèvis nou rann yo pa anyen pou Bondye ? Non. Rann sèvis se repons rezonab nou, e li enpòtan, men rann sèvis pa kapab mete Bondye nan obligasyon pou li fè anyen pou nou. Sipoze yon milyadè chwazi bay yon moun k'ap netwaye soulye l' senk milyon dola. Èske chany sa ka fè yon netwayaj ki vo senk milyon dola ? Menm si li ta rive fè soulye a klere tankou solèy la, sèvis li a p'ap janm rive chanje reyalyte ke lajan an se te yon aksyon mizèrikòd li te ye. Li p'ap ka fè yon travay ki egal ak sa li jwenn. Se menm bagay pou Bondye ak nou. Menm si nou te klere soulye Bondye pandan tout lavi nou nèt, sa p'ap anyen toujou devan sa Li te fè pou nou pamwayen Pitit Li a. Nou oblije konfese, « Nou se sèvitè ki koute Bondye chè... pi chè pase sa nou te ka janm renmèt Li pamwayen sèvis nou rann yo. » Alelouya ! Tout glwa a se pou Bondye !

Kèsyon Pou Etid

1. Ki gwo sijè Jezi t'ap anseye lè Li te fè deklarasyon an ki nan Lik 17.10 ?
2. Kòman lojik ki nan parabòl sa a sanble avèk lojik ki nan parabòl Matye 18.23–35 la.
3. Ki konsekans ki genyen lè nou genyen lide awogan sou sèvis nou ? Kòman sa va afekte panse nou yo annegad Bondye ? Kòman sa va afekte panse ak aksyon nou yo annegad kanmarad nou yo ?

METE LEKRITI AN PRATIK

1. Lemonn genyen pwòp lide pa l' sou afè rann sèvis. Kòman lide lemonn sa yo konn parèt andedan legliz ? Ki pi bon fason pou ede moun ki gen lide konsa vin pi sanble avèk Kris ?

2. Dapre Bib la, kisa ki ta dwe pouse sèvis nou ? Kòman motivasyon nou afekte kalite sèvis nou bay ?
3. Ki karakteristik ki ka idantifye yon moun k'ap sèvi moun olye Bondye ? Kòman yon lidè legliz dwe reyaji lè li remake moun k'ap fè sèvis yo nan kongregasyon an pou fè moun wè yo ? Kòman moun nan kongregasyon an dwe aji lè yo wè lidè legliz la k'ap sèvi moun olye Bondye ?
4. Lè nou dekouvri atitud chanèl nan nou menm, kisa nou fè pou devlope yon vrè lespri sèvitè ? Sa vle di kòman pou nou sòti nan lògèy pou antre nan imilite pito ? Kòman pou nou sòti nan jalouzi pou vin gen kè sansib pou lòt moun pito ? Kòman pou nou sòti nan fè moun plezi pou vin fè Bondye plezi pito ?
5. Ki jan nou kapab egzèse imilite nan lavi nou chak jou ? Site kèk fason byen pratik.
6. Kisa ki rive lè sèvis nou pa oryante nan vre bezwen (lè nou ede kote moun pa bezwen èd la, oubyen sa nou vle fè pou yo se pa sa yo bezwen) ? Lè nou eseye sèvi moun, kisa ki te ka fè yo pa vle resevwa sèvis nou ? Èske li ta janm bon pou nou fòse moun resevwa sèvis nou vle rann yo a ?
7. Kisa ki rive lè sèvis fèt sèlman paske moun lan vle rann sèvis la ? Èske li posib pou yon moun vin pi devwe nan sèvis l'ap rann pase li devwe pou Bondye (ki vle di li renmen ministè li plis pase li renmen Bondye) ?
8. Nan ki mezi nou ta dwe konsidere rekonpans ki ka vini pou sèvis nou rann yo ? Pa egzanp, èske li dwat pandan nou ap rann sèvis pou n'ap panse sou rekonpans nou pral genyen nan syèl la ? Èske l' bon pou rekonpans sa yo motive nou pou rann sèvis ? Èske se bon pou n' kontan lè moun apresye sèvis nou ? Ki jan nou ka bay e resevwa apresyasyon pou sèvis san nou pa ankouraje ògèy ?

(liv sa a va kontinye nan pwochèn edisyon an)

—John Coblentz

Itilize avèk pèmision : Christian Light Publications, Inc
Harrisonburg, VA Ozetazini
Tout dwa rezève



ISTWA MATI YO

Pòl, Apòt Kris La, Lanne 69

Pòl se te yon moun yo te pèsekite anpil. Alafen, yo te koupe tèt li. Sa te fèt nan lavil Wòm sou renyon anperè Women ki te rele Newon. Oparavan, Pòl te rele Sòl. Aprè, yo te vin rele li Pòl. Li te yon Jwif, yon Ebre. Li te sòti nan ras Benjamen. Men, Bib la pa di nou anyen sou kilès ki te manman l' ak kilès ki te papa l' (Filipyen 3.5).

Si nou gade nesans li, li ta sanble paran li yo te kite pòsyon tè ki te pou ras Benjamen an pou yo al rete nan yon vil Women nan zòn Silisi ki te rele Tas. Petèt yo te kite peyi pa yo a poutèt lagè Women an, osinon poutèt pèsekisyon, osinon yon lòt rezon ankò nou pa konnen. Pòl te fèt Tas. Sou kèsyon ras, li te sanpousan Jwif. Men, dèske li te pran nesans nan vil sa a, otomatikman li te yon sitwayen Women (Travay 22.3).

Lè l' te piti, Pòl te resevwa bon jan enstriksyon nan men Gamalyèl, yon pwofesè saj. Gamalyèl te montre li lalwa Bondye. Pòl te vin tèlman fò nan lalwa, prèske pa t' genyen anyen nan Ansyen Kontra a li pa t' konnen byen (Galasi 1.14).

Li te mennen lavi li dwat, selon lalwa Moyiz epi pawòl pwofèt yo, epi selon regleman Jwif yo ki te pi sevè. Men, paske li pa t' resevwa bon enstriksyon sou doktrin Levanjil la, li te zele sèlman pou bagay anyen yo. Li te pèsekite legliz Kris la. Nan lanmò Etyèn, se te Pòl ki te kenbe gwo rad moun yo pandan yo t'ap kalonnen Etyèn (Travay 5.28).

Men apre sa, Pòl te fè wout pou Damas. Nan men li, li te pote yon seri papye prèt Jerizalèm yo te ba li pou li te ka mache arete moun ki t'ap konfese non Kris la. Pandan li te nan wout pou Damas, Senyè a te arete Pòl (Sòl). « *Sòl, Sòl, poukisa w'ap pèsekite Mwen konsa ?* ⁵*Li reponn : Ki moun Ou ye, Mèt ? Vwa a reponn li : Mwen se Jezi, moun w'ap pèsekite a.* ⁶*Leve, antre lavil la. Se la y'a di ou sa ou gen pou fè* » (Travay 9.1–6).

Nèg yo ki te ansanm ak Pòl nan wout la te rete san di yon mo. Yo te tandè vwa a pale, men yo pa t' wè anyen. Pòl te leve kanpe, paske li te kouche plat atè tèlman li te pè. Lè li fè sa pou li louvri je l', li pa wè anyen. Konsa, yo te kenbe men l' pou

yo mennen l' antre nan lavil Damas (Travay 9.7–8).

Nan lavil Damas te genyen yon disip ki te rele Ananyas. Senyè a te di li konsa : « *Leve kounyeya, ale nan Ri Dwat la lakay Jida, mande pou yon nonm yo rele Sòl, moun lavil Tas. L'ap lapriyè kote l' ye a...* » (Travay 9.11).

Ananyas te reponn : « *Senyè, mwen tande nan bouch anpil moun kantite mechanste li fè moun pa Ou yo pase lavil Jerizalèm* » (v. 13).

Se lè sa Senyè a te di li konsa : « *Ale. Paske nonm sa a, Mwen chwazi l' pou sèvis Mwen, pou l' fè tout moun konnen non Mwen, moun lòt nasyon yo ak tout wa yo ansanm ak pèp Izrayèl la.*¹⁶*Mwen menm, M'a moutre l' tou sa li gen pou l' souffri pou Mwen* » (v. 15–16).

« *Ananyas ale, li antre nan kay la, li mete men l' sou tèt Sòl, li di li : Sòl, frè mwen, Senyè Jezi voye m' kote ou. Se Li menm ki te parèt devan ou sou granchemen an lè ou t'ap vini an. Li voye m' pou ou ka wè ankò, pou ou vin anba pouvwa Sentespri.*¹⁸*Menm lè a, bagay tankou kal pwason sot tonbe nan je Sòl, epi l' wè ankò. Sòl leve, li resevwa batèm* » (Travay 9.17–18).

Se konsa sa te ye lè Sòl te konvèti. Aprè, yo te rele li Pòl. Li te youn pami pi gwo apòt yo pou Senyè Jezi Kris. Li te travay plis pase tout lòt yo (1 Korentyen 15.10).

Touswit apre li te konvèti, Pòl t'ap preche Jezi Kris nan sinagòg yo. Li te deklare Jezi se Pitit Gason Bondye a (Travay 9.20).

Kèk tan apre sa, Sentespri a te pale avèk pwofèt yo epi pwofesè yo ki te Antyòch. Se te yon jou apre yo te fin fè sèvis pou Senyè a. Li te di : « *Mete Banabas ak Sòl apa pou Mwen, pou yo fè travay Mwen chwazi pou yo fè a.* » Se konsa Sentespri a te voye yo nan misyon. (Travay 13.2–3).

Sepandan, Pòl te resevwa kèk don espesyal nan men Sentespri a. Li t'ap disènen, li t'ap pwofetize, li t'ap pale an lang, epi li t'ap fè mirak (Travay 13.9–10 ; 1 Timote 4.1 ; 1 Korentyen 14.18 ; Travay 19.11).

Pòl te resevwa revelasyon espesyal tou. Yon lè, li te santi l' monte jouk anwo nan paradi. Li te tande yon bann pawòl bouch moun pa ka pale, koze moun pa gen dwa repete (2 Korentyen 12.1).

Pòl te beni avèk yon valè bon kalite kretyen lakay li epi li t'ap pratike yo onètman. Li te gen bon konpòtman e li te sensè. Li te fidèl nan ministè li yo. Li te yon papa pou tout legliz yo. Li te renmen moun yo jouk lanmò. Men sa li te deklare : « *Mwen te sitèlman renmen nou, se pa bon nouvèl la ase mwen ta ban nou. Ata vi m' mwen ta bay pou nou. Nou wè jan m' renmen nou !* » (1 Tesalonisyen 2.8).

Li pa t' pote lanvi sou sa ki pa t' pou li. Li te renmen bay. Li te pito travay ak men l' pase pou li te vin yon fado pou legliz la, se paske li pa t' vle fè anyen ki ta anpeche Bòn Nouvèl la gaye (Travay 20.34).

Li te kanpe djanm kont vye lespri yo, kont divinò yo, kont filozòf yo, epi kont fo pwofèt yo. Se sou Pawòl Bondye a li te kanpe pou li venk yo tout.

Li pa t' pè ni piti ni gwo. Li pa t' pè moun anlè ni moun anba. Li pa t' pè ni Jwif ni Grèk. Li te anseye Pawòl Bondye avèk senserite.

Li te soufri anpil nan sèt (7) gwo vwayaj sou latè ak sou lanmè. Li te fè vwayaj sa yo nan yon espas trant (30) ane konsa. Li te pase nan peyi Jide, Lasiri, Azi, Masedwàn, Lagrès, ak zòn nou rele Itali, Espay, Lafrans, epi Almay—prèske tout peyi moun te konnen alepòk. Bib la ban nou detay sou vwayaj sa yo, epi lòt dokiman istorik konfime yo.

Gen moun ki kalkile Pòl te travèse nenpòt 6 000 kilomèt pandan li t'ap fè vwayaj sa yo, pafwa sou tè epi pafwa sou lanmè. Se te pou Levanjil la li t'ap fè tout wout sa yo. Li te fè anpil wout pou li te kapab fonde legliz, fòtifye legliz, reveye legliz, epi konsole legliz. Nan wout, li te soufri anpil atak, anpil mizè, anpil doulè nan men sila yo ki pa t' kwè. Sa Senyè a te di nan jou konvèsyon an, se sa ki te pase vre : « *Mwen menm, M'a moutre l' tou sa li gen pou l' soufri pou Mwen* » (Travay 9.16).

Nan dezèm lèt li te ekri pou moun Korent yo, li te adrese yo bagay sa yo. Men sa li te ekri : « *An senk (5) fwa, jwif yo ban m' trant nèf (39) kout fwèt.²⁵ An twa (3) fwa, women yo bat mwen. Yon fwa yo kalonnen m' wòch pou yo te touye mwen. Batiman koule avè m' twa (3) fwa. Yon fwa menm mwen pase yon jou ak yon nwit nan dlo.²⁶ Anpil fwa menm, lè m'ap vwayaje konsa dlo larivyè manke pote m' ale. Bandi manke touye m', jwif yo manke touye m' tou, ata moun lòt nasyon yo manke touye m' tou. Mwen te an danje nan lavil, mwen te an danje andeyò, mwen te an danje sou lanmè. Ata swadizan frè yo manke touye mwen.²⁷ Mwen redi travay di, mwen fatige kò m' anpil, mwen pase anpil nwit san dòmi, mwen konnen sa ki rele grangou ak swaf dlo. Anpil fwa mwen te blije rete san manje, mwen soufri fredi, mwen konn pa gen rad pou m' mete sou mwen* » (2 Korentyen 11.24–27).

Dapre liv Korent lan, li ta sanble yo te jete Pòl anfas bèt mechan nan yon teyat Efèz pou moun yo te ka chita gade pandan bèt la ap dechire li, osinon wè si l' ka degaje l' ase byen pou li rete vivan. Sanble Bondye te delivre li nan yon bagay konsa. Sou sa, se pou moun entèlijan yo jije si se te sa menm, paske men sa Pòl te

ekri : « *Si se pou rezon lèzòm mwen te goumen ak bèt sovaj nan Efez, kisa m' benefisye la a ?* » (1 Korentyen 15.32, BIB KREYÒL LA).


Nan tan Pòl te fè nan prizon lavil Wòm, pifò nan ansyen ekriyen yo fè nou konnen li te defann tèt li kont akizasyon Jwif yo avèk anpil entelijans, jouk yo te lage li pou yon tan. Prèske tout zanmi li yo te abandone li pandan peryòd kote li t'ap defann tèt li devan Seza. Men, nou pa konnen si tout bagay sa yo se vre. Nou pa kapab di si se sa. Bondye konnen. Men sa ki sèten : Pandan li te nan prizon lavil Wòm, Pòl te ekri pitit gason l' nan lafwa, Timote. Li te fè Timote konnen li te pare pou Bondye vide l' atè kòm yon ofrann, epi li pa t' lwen mouri. Li te konsole dèske li te mennen batay li a byen. Li te akonpli travay li. Li te kenbe lafwa. Epi, genyen yon kouwòn lajistis Senyè a, Sila ki jije san patipri, dwe ba li yon bon jou (2 Timote 4.6–8).

Selon yon seri ansyen dokiman, yo te koupe tèt li sou lòd Newon. Sa te fèt andeyò lavil Wòm sou yon wout ki mennen yon kote ki rele Ostiya. Wout la te rele Viya Ostiyennsis. Se la a Women yo te konn egzekite moun nan dènye ane Newon te sou pouvwa a, lanne 69.



Istwa sa a sòti nan yon liv ki rele *Martyr's Mirror* (*Glas Mati yo*).





CHEMEN LI TE CHWAZI A

Premye Pitit Gason An

Chapit 3a

Se te yon Dimanch. Lè a se te nevè dis (9:10) nan maten. Djonn Yodè ak tout fanmi l' te gentan rive devan legliz Mennonit la ki te sitiye nan vale *Germantown* lan. Tou dousman, yo te antre epi yo te pran plas yo. Ni granmoun yo ni timoun yo te chita dousman ak bon jan respè. Se konsa yo t'ap tann sèvis la kòmanse a nevè trant (9:30).

Sara avèk Lora te chita pami lòt jenn fi yo. Kòm abitud, twazyèm ban an se te pou yo. Manman l', Lwiza, ak Rit te chita sou yon ban devan. Jak ak David te chita bò kote papa yo, youn chak bò. Plizyè lòt fanmi te antre apre sa. Anvan lontan, ban jenn fi yo te vin gen nenpòt sis (6) jenn fi ankò. Yo te bò kote Sara ak Lora.

Pòt legliz la t'ap plede ouvri fèmen pandan pèp *Germantown* t'ap antre pran plas yo pou sèvis dominikal. Sara te cho pou l' vire gade kilès ki t'ap antre. Lide l' te sou fanmi Woubenn Benndè. Lè a te prèske rive pou sèvis la kòmanse. Li patko wè yo toujou, sof si yo te dèyè nèt. Men nan kè l', li te konnen yo poko antre. Chak fwa pòt la te ouvri, li te rekonèt bri tèl fanmi pandan yo t'ap antre pran plas yo.

Nan kè l', Sara te vle pou fanmi Benndè a fè vit. Moun legliz yo pa t' konn rive anreta fasil, sof si yo te gen bon jan anpechman. Kounyeya, se kòm si li t'ap bay eskiz pou yo nan tèt li. Yo anreta paske yo fèk rive nan zòn lan. Fèm yo te achte a te anpil, epi sanble yo patko ranje tout bagay. Se konsa li t'ap reflechi pou yo.

Dirijan an te kòmanse kondwi moun yo nan yon premye chan. Sa se te yon siy pou tout moun fin aranje yo paske sèvis la tapral derape. Tout asanble a t'ap leve vwa yo nan adorasyon. Apre sa, yo te chante yon dezyèm. Jiskensi, se te menm fanmi yo ki te toujou la ki te prezan nan legliz la. Genlè moun fanmi Benndè a t'ap jere yon pwoblèm. Sara te gen konviksyon se yon pwoblèm ki fè yo pa t' ko rive toujou. Nan fwaye Djonn Yodè, rate sèvis osinon rive anreta se bagay ki pa t' konn fèt. Menm jan moun pa neglije manje, se konsa fanmi Yodè pa t' janm neglije sèvis. Fòk yo te la, epi fòk yo te la bonè.

A nevè karansenk (9:45), pòt legliz la te ouvri ankò. Tè genyen bri dèyè a. Te genyen vwa ki t'ap eseye pale dousman. Se te yon distraksyon pou asanble a. Pandan monitè lekòl dimanch lan te kòmanse fè lekti bibliik pou li antre nan leson dominikal la, Woubenn Benndè te mache rive sou ban devan an kote li te jwenn plas pou li chita. Li te bò kote papa Sara.

De (2) nan pitit Woubenn yo, madmwazèl yo, te rive sou menm ban an avèk lòt jenn fi yo. Plizyè nan jenn fi yo te souri ba yo, epi yo te avanse kò yo pou nouvo yo te ka jwenn plas sou ban an. De (2) nouvo yo te pi piti pase lòt medam yo ki te chita ansanm. Anvan lontan, konpòtman yo te demontre yo pa t' ko pare pou yo chita la a. Pito yo te bò kote manman yo toujou.

Frè Mas te preche yon bon mesaj. Sara te remake Woubenn Benndè te kite dòmi pran l' plizyè fwa. Li te konn remake lòt frè ki fè ti kabicha pafwa, men se pa konsa mesye Benndè t'ap fè. Pandan predikatè a te nan fon mesaj la, tèt mesye Benndè te pandye anba nèt, jouk li te kouche sou lestonmak li. Pafwa, Sara te gen enpresyon li t'ap fè bri kòm si l'ap wonfle. Sara pa t' vle vire gade. Li t'ap imajine kòman madanm li dwe santi li wont ! Men, Sara te eseye jistifye move konpòtman

an. Li te mete nan tèt li se pa fòt mesye Benndè. Li genlè fatigue anpil. Malgre sa, Sara pa t' kapab imajine papa l' nan yon eta konsa, menm si li te fin fatigue anba travay lou.

Te gen lòt moun nan asanble a ki t'ap swiv Woubenn Benndè ak tout fanmi l'. Yo t'ap poze tèt yo kèsyon : *Èske fanmi sa pa espiryèl ? Kijan y'ap kapab ede legliz la ? Èske y'ap devwe pou yo travay pou edifikasyon asanble a ?*

Rive yon lè, te gen yon dezòd ki te pete nan ban dèyè yo. Plizyè frè te vire tèt yo pou wè si pitit gason pa yo te nan dezòd la. Men, ni Woubenn ni madanm li pa t' vire gade. Yo pa t' wè se te pitit pa yo ki t'ap plede pale anpil epi ki t'ap ekri nan liv chan yo.

Sara te tandè dezòd la tou. Men, malgre sa te twouble l', li pa t' vire gade. Olye sa, li te bese tèt li pou li priye. Demann li an se te pou omwen yon moun resevwa mesaj Pawòl Bondye a nan moman sa a. Apre sa, li te fè tout efò pou li konsantre l' sou mesaj la.

Lè sèvis la te lage, moun t'ap bay lamèn avèk anpil salitasyon amikal. Tout moun te anvi rankontre nouvo fanmi an. Kominote a ak tout legliz la te resevwa yo byen. Se paske yo te mete nan tèt yo Djonn ak tout fanmi li pral fè pati legliz la. Yo te panse jenn timoun yo tapral antre nan gwoup lajènès la, epi pi devan yo tapral marye avèk yon moun nan menm gwoup la. Pliske se konsa moun yo te toujou konprann bagay yo, kèk nan paran yo te santi yon enkyetid. Yo te remake kèk bezwen lakay fanmi Woubenn Benndè. Se te bezwen espiryèl. Men, konsa tou, te genyen lòt paran ki pa t' twò sansib pou byennèt espiryèl legliz la. Yo pa t' santi okenn danje.

Madan pastè a te poze yon kèsyon tou inosan : « Nan ki legliz nou te konn mache anvan nou te rive isi a ? »

Madan Woubenn te ezite. Apre sa li di : « Enben, pandan plizyè ane nou pa t' manm okenn legliz. Kote nou te ye a, nou pa t' jwenn yon legliz ki te satisfè nou byen. Kounyeya, nou anvi etabli nou la a, epi nou vle fè pati legliz la. Mwen remake li lè pou timoun yo branche nan yon legliz. »

Mari, manman Sara, te lage yon bèl envitasyon cho bay nouvo fanmi an : « Èske nou pa kapab vin manje avèk nou lakay nou kounyeya ? Nou ta kontan resevwa ou. »

Madan Woubenn te reponn kòm si li te fè yon mal. Li di : « Men nou anpil. »

Mari te di konsa : « Pa enkyete ou. Mwen toujou renmen fanmi ki gen anpil

pitit. Nou ta renmen konnen ou pi byen. Donk, kòman sa ye pou kay la ? Nou deja aranje nou ase byen ? »

Madan Woubenn te reponn avèk yon bèl souri : « Men wi. Kòm, nou apenn rive. Bagay yo yon ti jan tèt anba pou moman sa a. Genyen kèk bagay ki poko ranje. Ou konnen, nou chanje kay plizyè fwa deja. Nou swete bagay sa fini kounyeya. » Apre sa, avèk yon ti fatig nan vwa li, li te bay yon dènye lide : « M' panse n'ap byen kontan isi a nan vale sa a. Li parèt byen trankil. »

Fanmi Djonn Yodè ak fanmi Woubenn Benndè te rejwi ansanm nan yon bon ti repa. Te genyen ponmdetè ansanm avèk vyann boukannen. Pandan yon bon valè tan yo tout te rete bò tab ap pataje lide pandan yo t'ap amize yo nan manje a. Lè asyèt yo te vid, Mari te parèt avèk desè—yon bèl tat ponm. Malgre fanmi Woubenn te grangou, epi malgre yo te anpil, yo pa t' kapab fin manje tout bèl bagay Mari te mete devan yo.

Jakòb, premye pitit gason an, te sou yon twazyèm (3) moso tat lè li te di konsa : « Kilès ki te fè bagay sa a ? »

Sara pa t' vle reponn. Papa l' te di : « M' kwè fwa sa se te Sara ki fè l'. Men, Mari avè l' se menm bagay la. Yo toude sitèlman fò. Si m' pa prezan pou wè avèk je m', mwen pa ka di kilès ki fè manje a. »

Jakòb te soufle pou montre kijan li te kontan ak sa li t'ap manje a. Li fè yon lòt kout kiyè ankò. Li di : « Sa m'ap di la a, m'ap di l' ! Yon madmwazèl ki kapab kwit yon tat ki bon konsa se yon madmwazèl ki tou pare pou li kite kay la al fonde fwaye pa l'. »

Sara te chanje koulè. Jakòb t'ap gade l' fiks. Sanble li te kontan dèske konpliman an te fè Sara chanje koulè konsa.

Papa Sara te pran lapawòl, men li pa t' sou blag. Li te di : « Kwit manje byen pa vle di yon moun pare pou li fonde yon fwaye. Genyen lòt reskonsabilite ki pi enpòtan pase sa. »

Pandan tout rèz jounen an, papa Sara te eseye dirije dyalòg la anvè bagay espi- rityèl, men Woubenn pa t' gen anyen pou li di nan bagay konsa. Poutan, depi yo t'ap pale sou travay tè, sou peche pwason, osinon sou bagay lontan, li pa t' manke pawòl. Epitou Woubenn te lage detwa pawòl ki te mal tonbe. Sara te sèten papa l' pa t' dakò.

Vè katrè (4:00) konsa, Woubenn te leve pou li ale.

Li te di : « Nenpòt lè nou vle, pòt lakay nou ouvè pou ou. »

Papa Sara te reponn : « Wi. Nou anvi vizite nou. »

Woubenn di konsa : « Voye timoun yo pafwa nan apremidi yo. Mwen panse l'ap bon pou pitit pa m' yo si yo fè zanmi ak pa ou yo. »

Papa Sara te souri. Li te di : « Konsa tou, pòt isi a toujou ouvè pou timoun pa ou yo. Pou di vre, nou pa twò kite pitit nou yo mache. An jeneral, nou prefere pase apremidi yo ansanm an fanmi. »

Woubenn te reponn : « Enben, se vwazen nou ye. Mwen swete ou voye timoun yo lakay nou souvan. Nou te konn viv nan kèk kominote ki te pi gwo pase isi a. Te toujou gen anpil aktivite pou jenn yo. Yo te konn fè anpil pwogram pou okipe yo. Mwen panse pitit mwen yo pral gen chagren si yo pa jwenn kèk aktivite ki enterese yo isi a. »

Papa Sara te bay yon repons amikal. Li te di : « Timoun pa nou yo renmen mache avèk nou lè nou al vizite granmoun. Nou renmen al bay kout men lè gen bezwen pami moun legliz la tou. Tanzantan nou bay jenn yo okazyon pou yo reyini, swa pou yo chante osinon pou yo fè kèk lòt aktivite. »

Alafen, tout fanmi Woubenn Benndè a te pati kite kay la. Paran yo ak timoun piti yo te monte nan charyo a. Jenn yo t'ap mache apye.

Aprè vizitè yo te fin ale, Djonn Yodè te adrese pitit li yo : « Timoun, mwen pa vle pale nouvo vwazen nou yo mal, ni mwen p'ap jije yo twò vit, men mwen gen enpresyon yo pa reprezante yon bon egzanp pou nou. Mwen te tris pandan mwen t'ap tande Mesye Benndè bay blag sou kalite dezòd li te konn fè lè li te timoun lekòl. Li t'ap fè djòlè sou yon seri bagay mwen t'ap wont admèt, mwen menm. Mwen swete timoun li yo p' ap swiv egzanp pa li a nan lekòl isi a. »

Manman timoun yo te dakò. Li te pale sou kijan li pa t' apresye atitid Mesye Benndè sou plizyè pwen. Li te di konsa : « Timoun, fòk nou toujou aji byen avèk yo tout kote toutan. Piga nou janm pale sou yo san bon jan respè. Epi, nou vle ou asepte timoun yo nenpòt lè yo vle antre nan jwèt n'ap fè yo. Men, fè atansyon si ou remake yo pale mal, osinon si yo konpòte yo mal. Fè sèten nou toujou fè sa nou konnen ki bon nou menm. »

Sara te bay yon repons : « Petèt timoun yo p'ap swiv chemen papa yo te trase lè l' te lekòl. » Sara pa t' vle kouri kondane fanmi an. Li te vle ba yo yon chans. « Petèt timoun yo va gade jan paran yo ye, epi y'a deside pran bon chemen an pito. Sa pa konn fèt pafwa ? » Sara t'ap gade papa l'. Nan kè l', li te swete papa l' pa t'ap konprann vre rezon ki te dèyè defans li t'ap fè a.

Djonn te di : « Wi, Sara. Sa konn fèt. Nou swete se konsa l'ap ye tou. Men, souvan se pa konsa bagay yo pase. » Apre yon ti pòz, li te kontinye : « Timoun yo parèt kòm bon timoun nan plizyè sans. Yo montre respè. Men, y'ap grandi nan yon anviwònman ki diferan ak fwaye nou an. Yo ka gen yon seri abitud nou p'ap ka asepte. Nou swete y'ap aprann apresye jan legliz pa nou an eseye pwoteje jenn yo plis. Mwen swete yo va dakò resevwa swen. Mwen swete isi a timoun sa yo va jwenn sa yo bezwen pou yo grandi esprityèlman, konsa pou yo devni moun ki kontan epi ki serye. »

Li te kontinye pale toujou : « Sonje byen, yo pa t' manm okenn legliz. Selon aparans, nou te kouri panse yo te nan yon legliz. Men, sanble sa se bagay lontan. Mwen pa ka di si genyen kèk pami timoun yo ki kòmanse viv ansanm ak Kris. Men, malgre sa, mwen pa vle wè youn nan nou ni kanpe lwen yo ni refize asepte yo. Piga nou mete nan tèt nou nou pi bon pase yo. Se pa sa. Anmenmtan, mwen pa ta renmen wè nou twò pwòch avèk yo. Mwen pa vle nou kòmanse adopte yon seri vye abitud, vye konpòtman. Mwen pa ta renmen wè nou lage jan yo sanble yo lage. »

Manman timoun yo te dakò ankò. Li te bay yon pasaj nan Bib la : « *...move zanmi gate bon levasyon* » (1 Korent 15.33).

Papa te pale ankò : « Pasaj sa a pale sou kijan nou toujou vin sanble avèk moun nou frekante yo. Mwen menm ak manman ou, nou anvi wè ou chwazi zanmi ou yo byen. Se paske chwa sa yo pral afekte tout lavi ou, epi yo afekte letènite ou menm. Donk, nou pral eseye ede nou chak avèk gwo desizyon enpòtan sa yo. »

Oparavan, papa Sara te konn rale zòrèy timoun li yo sou kijan yo dwe toujou chwazi zanmi avèk swen. Se pa t' yon bagay nouvo li te ye pou yo. Men, kounyeya li t'ap pale sou vwazen, sou moun ki te rete toupre yo, moun yo pral wè toutan. Kounyeya pawòl la te pi serye toujou.

(N'ap kontinye istwa a nan yon lòt edisyon)

—Mari Milè
Rod and Staff Publishers
(Piblikasyon Baton ak Gòl)



SEKSYON TIMOUN



Vòlè Yon Bèf

Nannsi te kouri pou l' te ka jwenn zanmi l', Lora. Yo te nan wout pou yo ale lekòl.

Lora te di : « Gade sa m' genyen ! » Li te montre Nannsi yon bèl adoken—senk (5) goud—ki te nan pla men l'.

« Kòman ou fè gen lajan sa ? »

Lora te di : « Se manman m' ki te ban mwen l'. Mwen pral achte sirèt. Vini non. Ann al achte anvan nou antre nan lekòl la. »

Lora te mal pou fè chwa ki sirèt li te pi pito. Nannsi pa t' entereze menm paske li pa t' gen lajan nan men li. Li te konnen li pa bezwen mande paran li pou lajan nonplis. Papa l' te toujou di li : « Tanzantan n'ap achte sirèt, men se pa fasil. Lè n' achte, n'ap ba ou pou ou kapab jwi li apre ou fin manje lòt manje a. »

Lè yo te fin sòti kote machann lan, Lora te lonje yon grenn sirèt bay Nannsi.

Nannsi te di : « Mèsi ! Yon jou, lè m' genyen, m'ap ba ou tou. »

Yon jou apremidi, pandan lòt moun yo t'ap okipe bèf yo, Nannsi te sipoze bale kay la. Pandan li t'ap bale, li te jwenn yon ti adoken atè a. Touswit, li t'ap panse sou

ki sirèt li te ka achte avè l'. Se jwenn li te jwenn li. Donk, se pou li li te ye. Li te lage l' nan pòch li. Men, avèk ti adoken sa a li pa t'ap ka achte anpil sirèt. Petèt youn.

Mwen swete m' jwenn lòt toujou. Se lide sa a ki te nan tèt Nannsi. Men, li pa t' jwenn. Apre sa, li te sonje kote manman l' te konn sere adoken...nan yon bifèt. Li al pran yon ti adoken ankò, men li pa t' foure l' nan pòch li touswit. Si l' fè sa, se vòlè li ye. Non. Li lage adoken an atè pito, epi li rete ap gade l'. Apre yon ti tan, pandan li t'ap bale toujou, li te « jwenn » adoken an.

Nan demen maten, Nannsi te vle achte nan men machann yo anvan li te antre lekòl la. Men, li pa t' vle pou frè ak sè li yo wè li. Konsa li te di : « Manman, èske mwen mèt derape anvan lòt yo ? Mwen te bliye liv Syans Sosyal mwen an. Fòk mwen al fè devwa. »
« Ou mèt ale, depi se sa. »

Nannsi te leve ale. Se sezi li te sezi jan li te bay manman l' manti fasil konsa ! Se vre li te genyen devwa, men li te fin fè l' deja.

Konsyans Nannsi t'ap nwi li. Li te chwazi kèk sirèt se vre, men sa pa t' fè kè l' kontan. Li te oblije pase l' rapid paske li pa t' vle lòt moun wè li. Si yon moun ta di paran l' sa, li t'ap gen pwoblèm.

Lè Lora te rive, Nannsi te ba li yon bout sirèt.

« Mèsi ! Ou te gen lajan ? »

« Wi. »

« Kisa ou te achte ankò ? »

Nannsi te di : « Mwen te achte yon bonbon. »

Lora te di : « Poukisa ou pa t' tann mwen ? »

Nannsi te reponn : « Mwen te oblije vin pi bonè. Mwen te gate devwa Syans Sosyal la. Fòk mwen te vini bonè pou m' te ranje li. Yon pwochen fwa m'ap achte pou ou tou. »

Kounyeya Nannsi te santi l' pi mal ! Li te gentan vòlè de (2) adoken, epi li te gentan bay ni manman l' ni Lora manti. Pi mal toujou, li te pwomèt Lora li pral achte pou li yon lòt fwa. Kounyeya, fòk li kenbe pwomès sa a, epi fòk li gen lajan pou li kenbe pwomès la.

Yon semenn apre, Nannsi te « jwenn » yon adoken senk (5) goud menm jan li te « jwenn » lòt ti adoken yo. Konsyans li te boulvèse li, men pa menm jan ak premye fwa a.

Yon lòt fwa ankò Nannsi te fè yon sèl kou entèlijan pou li twonpe ti sè l', Mari. Pandan yo t'ap mache nan wout, li te kite Mari mache yon ti jan devan. Yon sèl kou, Nannsi te rete, epi li te bese atè. Li rele : « Gade ! » Mari te vire gade dèyè. Nannsi te leve de (2) gwo adoken atè a.

Mari te di : « Di (10) goud ! Kòman ou fè wè yo ? »

Nannsi te fè kòmisi sa pa t' anyen. Li te di : « Pandan m'ap mache, mwen annik wè yo atè a. »

Konsyans Nannsi t'ap manje l' ankò. Men, li te repouse lide sa yo. Sa li te di a pa t' manti nèt. Li te wè adoken yo atè a vre. Menm si se te li menm ki te lage yo.

« Kisa ou pral fè avèk lajan an ? »

« Mwen pral achte sirèt. Depi ou pa di manman m' ak papa m' anyen, m'ap ba ou mwatye, tande ? »

Mari te dakò.

Chak jou pandan Nannsi te ale lekòl, li te anvi gen lajan nan men li. Apre detwa jou san lajan, li annik envante yon fason pou li jwenn kòb. Se pa toutan li te retounen kote adoken yo ye nan bifèt la. Pafwa li te pran nan bous papa l' tou. Osinon li te fè moun yo konnen li bezwen achte yon kreyon osinon yon kaye. Men, se sirèt li te toujou achte. Yon jou li te oze fè manman l' konnen li bezwen kòb paske elèv yo tapral mete lajan ansanm pou ede yon moun ki nan bezwen. Apre sa, yon jou li te di li bezwen lajan pou l' achte yon kado pou pwofesè a. Tout se te manti.

Yon bon jou elèv yo t'al vizite pwofesè a lakay li. Yo te chante detwa chan. Apre sa yo te chita atè pandan papa pwofesè a te rakonte yo yon bèl istwa. Se te istwa kanmarad li pandan li te timoun lekòl. Donk, papa pwofesè a t'ap di yo kijan kanmarad la te konn triche epi li te konn ale nan egzamen ak poul. Pafwa li te konn pran nan manje zanmi li yo tou. Yon lè, klas la t'ap sanble yon kòb pou ede yon timoun ki te malad, epi kòb sa a te disparèt.

Papa pwofesè a te kontinye istwa a : « Nou menm, elèv yo, nou te konnen Wobè te koupab. Men, nou pa t' vle di sa. Nou te zanmi li. Pi devan, mwen te repanti pou sa. Mwen panse petèt, si nou te pale lè sa a, nou te kapab ede l' kite chemen sa a. Pi devan, lòt moun te eseye ede l', men li te konn vòlè afè moun sa yo tou. Alafen, yon jou, mesye te mete tèt li ansanm ak lòt nèg pou yo kase yon bank. Sa tris, men fòk mwen di ou : Wobè te mouri nan prizon. »

« Mwen rakonte istwa sa a paske mwen vle nou konprann trè byen kijan li enpòtan pou nou toujou onèt, pou nou toujou sensè nan tout sa n'ap fè. »

Manman pwofesè a te la tou. Li te di : « Papa m' te konn di konsa : Sila ki vòlè yon egwi jodi, ka vòlè yon bèf demen. »

Pandan tout wout la pou rive lakay, Nannsi t'ap kalkile sou sa l' te tande yo. Yon egwi piti. Yon moun ki vòlè yon egwi pa sanble ak yon vòlè pou sa. Men, yon ti adoken tounen yon gwo adoken. Gwo adoken mennen ou nan lajan papyè. Lajan

papye mennen ou nan pi gwo toujou. Kounyeya, se te yon lòt bagay. Nannsi te konsyan fòk li pale avèk manman l'. Fòk li di li tout bagay.

Kou l' rive, manman Nannsi te remake li gen yon pwoblèm : « Sa k' genyen Nannsi ? »

« Mwen pè. »


« Kisa ou pè ? »

Nannsi te kòmanse rakonte tout istwa li a nèt. Manman l' pa t' tèlman sezi. Li te esplike l' poukisa : « Papa ou avè m', nou te remake yon chanjman lakay ou. Li p'ap kontan lè li aprann sa ou t'ap fè yo. Epi, n'ap oblije pini ou. Men, mèsì dèske ou te di m' tout bagay. »

Kounyeya Nannsi pa t' oblije pè ankò. Tout bagay te devwale. Sekrè a te fini. Ki pinisyon yo tapral ba li ? Manman l' te fè li santi koze a se te yon koze serye. Nan fwaye sa a, gwo dezòd te mache avèk pinisyon sevè.

Pou Nannsi, pa gen okenn pinisyon ki te ka pi rèd pase jan li t'ap viv avèk remò epi laperèz nan kè li. Li pral asepte pinisyon an, konsa pou li pa vòlè yon bèf lè li pi gran.

Istwa sa a sòti nan *Goose Feathers*
Nou gen pèmision itilize li, epi nou gen pèmision adapte l' pou journal sa a.



Vèsè Pou Aprann

« *Se pou moun ki te konn vòlò sispann vòlò.* »

(Efezyen 4.28).



Aktivite Timoun

Chak gwoup lèt anba genyen yon mo ki kache andedan l'. Tout se mo ki parèt nan istwa a. Pou ou kapab cache mo a, kòmanse ekri yon grenn lèt nan chak ti bwat anba. Tout kote ki genyen bwat nwa, sote lèt sa yo. Swiv egzanp lan.

Egzanp : ADGRVOKREN

A	D					O	K		E	N
---	---	--	--	--	--	---	---	--	---	---

MVANBMORAN

--	--	--	--	--	--	--	--	--	--	--

MRACHIALNN

--	--	--	--	--	--	--	--	--	--	--

PIWOCBLRÈM

--	--	--	--	--	--	--	--	--	--	--

BWAONZBLON

--	--	--	--	--	--	--	--	--	--	--

KAXNMALRAD

--	--	--	--	--	--	--	--	--	--	--

KREL PANSTI

--	--	--	--	--	--	--	--	--	--	--

PRIVASZYON

--	--	--	--	--	--	--	--	--	--	--

PIQNIWSYON

--	--	--	--	--	--	--	--	--	--	--

(Repons nan paj 10)



« *Die a toujou
pase kote
kè a panche. »*

CHRISTIAN AID MINISTRIES

Cache Cache Douge
Rt. National 1, KM 25
Titanyen, Haiti

GRATIS !

Si ou ta renmen resevwa *Flanbo Verite A*, oubyen si ou gen nenpòt lòt kesyon, oubyen ta renmen resevwa èd espirityèl, nou ta kontan ede ou nan nenpòt fason nou kapab. Ou kapab kontakte yon moun nan adrès sa a.



*« Se poutèt sa, mwen pran pawòl pwofèt yo pou pawòl ki sèten nèt. Nou menm tou nou byen fèt lè nou pran pawòl sa yo ak gwo konsiderasyon... »
(2 Pyè 1.19).*

Papa, M' Poko Vle

Yon bon papa t'ap pale avèk pitit gason li.
Avèk amou, li te di : « Lonje nounous ou a ban mwen, tanpri. »

Papa a te sere yon bèl bagay dèyè do li,
Men tigason an pa t' menm leve je l' pou li te ka wè sa.

Tigason an te fikse je l' sou nounous li a, yon pi bon patnè.
Menm si nounous la te fin chire, li te toujou gade l' chè.

Tigason an te di : « M' poko vle ba li, Papa. Li chè pou mwen toujou.
O ! Papa ! Kè m' kase. Sa ou mande m' fè a, li twò lou. »

Papa nou ki nan syèl la sere anpil bèl sipriz dèyè do.
Nou pa ka konnen bagay konsa, paske nou poko wè yo.

Souvan mwen di : « Sa Ou mande m' bay, Senyè, m' poko vle. »
Epi se nan bagay sa a, yon bann benediksyon konn rate.

Otè enkonni